

Gukorerwa ivya mfura mbi ni uku- vuga iki?

Abagore benshi n' abakobwa benshi barakorewe ivya mfura mbi ibihe bimwe mu buzima bwabo.

Gukorerwa ivya mfura mbi bisobanugwa ko ari:

Inyifato udashaka ku bijanye n'imibonano mpuzabitsina igirirwa umuntu bigatuma uwo muntu yumva amerewe nabi, akarengerwa, akagira ubwoba, agaterwa ubwoba akumva canke akagirirwa nabi: mu bihe uwo muntu atavyiyemereye abishaka, yafashwe ku gahato canke adashobora kuvuga oya ku nyifato y' uwo muntu amukoreye ivya mfura mbi.

Inyifato y' ikibano ku bijanye n' ugukorera abakenyezi ivya mfura mbi kenshi na kenshi bata wakuba ku wakorewe ivya mfura mbi.

Muri CASV twizera yuko abakorewe ivya mfura mbi/ abacitse kw' icumu Atari bo bo gutako wakuba. Nyene kubikora igihe cose ni we akwiye gutabwako wakuba.

Ugukorera umuntu ivya mfura mbi ni icaha gikomeye.

Igikorwa cacu

CASV yishinze gushira ku mwisho
ugukorerwa ivya mfura mbi ku
bakenyezi n' abana babo biciye mu
kuvura, kwigisha hamwe no
gukingira

Ido n' ido ry' aho tubarizwa

CASV ni igikorwa kiba igihe umuntu yasavye umubonano

Amasaha twugururirako Logan

5 / 13-21 Mayes Avenue, Logan Central

Ku wa mbere 9am - 5pm

Ku wa kabiri 1pm - 5pm

Ku wa gatata 9am - 5pm

Ku wa kane 9am - 5pm

Ku wa gatanu 9am - 5pm

Redlands

Ku wa mbere 9am - 5pm

Ku wa kabiri 2pm-5pm

Ku wa gatata 9am - 5pm

Ku wa kane 9am - 5pm

Ku wa gatanu 9am - 5pm

Ku bijanye n'imibonano hamwe n' ibibazwa i
Logan ni Redlands telefona kuri
(07) 3808 3299

Ku gushigikirwa inyuma y' amasaha
y' akazi, ronderera ku murongo wo

**gushigikira abakorewe ivya mfura mbi
kuri 1800 010 120**

Iyo wumva ko uri mu kaga, telefona kuri **000**

CASV irahaye kaze abagore bose bava mu mico kama itandukanye, b' ubwoko bwose kandi bumva ko bokora imibonano mpuzabitsina mu buryo bwose bumvamwo ko bavyipfuzza



Bishigikiwe, vyatewe inkunga n' igisata c' ibibano, ugushira abana mu mutekano hamwe n' ibikorwa vy' ugushigikira abagendana ubumuga



Centre Against
Sexual Violence Inc.

A safe space for women to heal

Ukutarenganya abantu

Ugushikira ivyo bikorwa

Ugukira

Umutekano

Ugutora akoyokwe

Ugukira

impukwe

gushobaza

☎ (07) 3808 3299

✉ admin@casv.org.au

🌐 www.casv.org.au

📘 facebook.com/casvinc

Abo turi bo

Ikigo kirwanya ugufatwa ku nguvu (CASV) ni ibikorwa vy'ikibano birwanya ugukorerwa ivya mfura mbi cishinze kugira inama abantu, kwigisha no guha inkuru ibibano vy'I Logan, Beaudesert na Redlands

CASV ifise imbono yo kurandurana n'imizi ugukoresha igikenye canke gufatwa ku nguvu mu mibonano mpuzabitsina biciye mu kugira inama abantu, hamwe no gushigikira abakorewe ivya mfura mbi / abacitse kw'icumu kuri abo bahoterwa bagakorerwa ivya mfura mbi kubera igitsina cabo biciye muri ibi bikurikira:

- Gutanga ibikorwa mu mutekano, vyiyubashe ku bagore bakorewe ivya mfura mbi n'abagore bakiri bato mu nzira yabo y'ugukira.
- Bakora kugira ngo barandurane n'imizi bigizeyo ivyizerwa n'amabi akorerwa abantu bivanye n'imico ku bijanye n'ugukoresha igikenye mu mibonano mpuzabitsina
- Gutera intenge no guhamagarira ikibano gufata ibintu mu maboko kugira ngo kirandurane n'imizi uguhohotera abantu mu mibonano mpuzabitsina

"vyatumye numva yuko mfise ubushizi bw'amanga burushirije mu nkomezi zanje mu kwirinda no gukingira abamfitiye akamaro mu buzima bwanje!! Murakoze"

Ico ni igishingantahe c'uwafashijwe

"Ubu numva yuko ndiko ndatera nja imbere muri kazoza gashasha, aho gukwegwa n'ubuzima bwa kahise nacyemwo, ubu rero ndumva ko nidegemvya"

Iki ni igishingantahe c'uwafashijwe

Ibikorwa dutanga Ukugira inama abantu

- Ukugira inama k'ubuntu kandi mw'ibanga abagore bose, n'abigeme bakiri bato guhera ku myaka 12 no kurenga baciye mu guhohoterwa n'ugukorerwa ivya mfura mbi haba muri kahise k'impitakivi, k'indengagihe canke n'igihe bari bakiri bato.
- Hariho ukugirwa inama n'ibihangange vyabimogoreye, vyabimenyereye.
- Ukugirwa inama kuzokorana nawe hisunzwe intambwe zawe kugira ngo hasuzumwe ivyo ukeneye mu kugirwa inama bivanye n'ivyo wacyemwo. **Ntukeneye kuvuga ivyo wumva bitaguha amahoro canke ivyo wumva ko udafisemwo umwidgeemvyo**

Igikorwa co gukorera mu murwi

Hariho imigwimyinshi yama yategekanyijwe mu mwaka wose aho abahinga babimogoreye bigisha iyo mirwi

Indero n'ukwigisha

Gutanga inkuru, kurera, hamwe n'ubutunzi canke ibifashisho biratangwa ku kibano.

Gahunda yo gushikira abanyeshuri

Hariho gahunda yo gushikira abanyeshuri bakagirwa inama hamwe n'amanama nkarishabwenge mu mashuri yisumbuye.

Inkuru & n'ukumenyeshwa abo kwitura

- Inkuru n'ukumenyeshwa abo ushobora kwitura ku bijanye ingene wobigenza mu mategeko, amagara hamwe n'ibijanye no kwivuzza.
- Inkuru ku bagenzi n'umuryango w'abagore n'abigeme bakiri bato bakorewe ivya mfura mbi.
- Inkuru n'ugushigikira abanda bantu batanga ivyo bikorwa

CASV yizera yuko abakorewe ivya mfura mbi bafise uburenganzira bwo:

- Kwizerwa ku vyo bashikirije.
- Kwumvirizwa no gushigikirwa bari mu mutekano.
- Kwumva ko bashobora guhitamwo ico bashaka.
- Bashobora guhabwa inkuru ku zindi nzira zibaho.
- Ibanga ryabo ridashirwa ahabona kandi ko abinga ryabo kubahirizwa
- Kwubahwa, n'ukudahonyangirwa agateka kandi bagatahurwa
- Kuvuga no gutanga inkuru y'ivyabashikiye mu rurimi rwabo rwa kavukire, hakoreshejwe umusobanuzi abizi neza adahushagirika nimba bibaye ngombwa

CASV ni iy'abagore bose n'abigeme bakiri bato, inkumi guhera ku myaka 12 no kuja hejuru. Mu bikorwa biriho muri Logan n'i Redlands harimwo n'ugutanga udutebe dukoresha amapine.

*Ukugira inama abantu kudasanzwe!
Kwumva yuko uri mu mutekano hano.
Kwubahwa, n'ugukundwa, kwumva yuko wisanze kandi wisanzuye, kandi ko uhawe kaze no kuzogaruka hanyuma"*

Ico ni igishingantahe c'uwakorewe ivya mfura mbi